

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung pedaran dina bab IV, ieu hasil panalungtikan bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

Kamampuh nulis sajak siswa kelas X-AK-A SMK Puragabaya taun ajar 2019/2020 saméméh dilarapkeun modél pangajaran *Two Stay Two Stray* (TS-TS) kagolong can tuntas, rata-rata peunteun nyaéta 64,82 tina $KKM \geq 70$. Dumasar kana aspék-aspék nulis sajak anu diantarana aspék kasaluyuan téma jeung eusi kagolong cukup, rata-rata peunteun (3,03) tina skor maksimal 25, dina aspek kakuatan imajinasi kagolong kurang-cukup, rata-rata peunteun (2,74) tina skor maksimal 25, dina aspek diksi (pilihan kecap) kagolong kurang-cukup, rata-rata peunteun (2,85) tina skor maksimal 25, dina aspek ejahan kagolong cukup-hade, rata-rata peunteun (3,65) tina skor maksimal 25, dina aspek karapihan tulisan kagolong hade, rata-rata peunteun (4) tina skor maksimal 25. Katiten tina lima aspek nulis sajak nu dipeunteun, aspek kakuatan imajinasi kagolong kurang-cukup. Tina 34 siswa ngan ngan aya 5 siswa nu meunang peunteun ≥ 70 kalayan kategori tuntas, sedengkeun 29 siswa meunang peunteun ≤ 70 kalayan kategori can tuntas. Ku kituna, bisa dicindekkeun yén kamampuh nulis sajak siswa kelas X-AK-A SMK Puragabaya taun ajar 2019/2020 samemeh dilarapkeun modél pangajaran *Two Stay Two Stray* berbasis média KOKAMI kagolong can tuntas, kalayan rata-rata peunteun 64,82.

Kamampuh nulis sajak siswa kelas X-AK-A SMK Puragabaya taun ajar 2019/2020 sanggeus dilarapkeun modél pangajaran *Two Stay Two Stray* berbasis média KOKAMI kagolong tuntas, rata-rata peunteun nyaéta 73,88 tina peunteun ≥ 70 . Katiten tina aspek kasaluyuan téma jeung eusi kagolong cukup-hade, rata-rata peunteun (3,47) tina skor maksimal 25, dina aspek kakuatan imajinasi kagolong cukup-hade, rata-rata peunteun (3,38) tina skor maksimal 25, dina aspek diksi (pilihan kecap) kagolong cukup-hade, rata-rata peunteun (3,24) tina skor maskimal 25, dina aspek ejahan kagolong cukup-hade, rata-rata peunteun (3,85) tina skor maksimal 25, dina aspek karapihan tulisan kagolong hade, rata-rata peunteun (4,53) tina skor maksimal 25. Tina 34 siswa aya 28 siswa nu meunang peunteun ≥ 70

kagolong tuntas, sedengkeun 6 siswa meunang peunteun ≤ 70 kagolong can tuntas. Ku kituna bisa dicindekkeun yén kamampuh nulis sajak siswa kelas X-AK-A SMK Puragabaya taun ajar 2019/2020 sanggeus dilarapkeun modél pangajaran *Two Stay Two Stray* berbasis média KOKAMI kagolong tuntas, kalayan skor 73,88.

Aya bedana anu signifikan kamampuh nulis sajak siswa kelas X-AK-A SMK Puragabaya taun ajar 2019/2020 samemeh jeung sanggeus dilarapkeun modél pangajaran *Two Stay Two Stray* berbasis média KOKAMI. Ieu hal bisa katiten tina hasil uji normalitas ngahasilkeun 0,087 leuwih ti 0,05, uji homogenitas ngahasilkeun 0,337 leuwih ti 0,05. Jeung uji *Paired Samples Test* ngahasilkeun -5,986 jeung signifikan (sig. 2-tailed) $0,000 < 0,05$ anu hartina hipotesis a (H_1) diratima atawa hipotesis 0 (H_0) ditolak. Hartina aya bedana anu signifikan kamampuh nulis sajak siswa kelas X-AK-A SMK Puragabaya taun ajar 2019/2020 samemeh jeung sanggeus dilarapkeun modél pangajaran *Two Stay Two Stray* berbasis média KOKAMI, hususna kamampuh dina aspek kasaluyuan téma jeung eusi, kakuatan imajinasi, diksi (pilihan kecap), ejahan, jeung karapihan tulisan. ku kituna, modél pangajaran *Two Stay Two Stray* berbasis média KOKAMI ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak siswa kelas X-AK-A SMK Puragabaya taun ajar 2019/2020.

5.2 Implikasi

Modél pangajaran *Two Stay Two Stray* berbasis média KOKAMI dilarapkeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak tangtuna miboga impilkasi yén ieu modél pangajaran ditarima ku siswa. Digunakeun modél pangajaran *Two Stay Two Stray* berbasis média KOKAMI jadi salasahiji cara pikeun numuwuhkeun mikir kritis siswa dina ngamekarkeun ide jeung gagasan, parigel dina ngagunakeun jeung Makena kecap, oge efektifna suasana diajar di kelas. Salian ti eta nalika prak-prakanana ngagunakeun ieu modél, siswa jadi leuwih aktif dina kagiatan gawe bareng jeung leuwih sumanget diajar.

5.3 Rékoméndasi

Tina hasil ieu panalungtikan anu dilakukeun, tangtuna miboga sababaraha rékoméndasi sangkan ieu panalungtikan bisa dimekarkeun leuwih hade anu satuluyna bisa ngabantu dina proses diajar ngajar, diantarana nya éta:

- 1) Modél pangajaran *Two Stay Two Stray* berbasis média KOKAMI, bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak .ku kituna modél pangajaran *Two Stay Two Stray* berbasis média KOKAMI, bisa dijadikeun salasihiji alternatif pikeun guru dina pangajaran nulis sajak.
- 2) Dina panalungtikan modél pangajaran *Two Stay Two Stray* berbasis média KOKAMI aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun, diantarana: (1) kudu maham kana léngkah-léngkah modél pangajaran *Two Stay Two Stray* berbasis média KOKAMI; (2) ngarancang pangajaran kalayan bener jeung *sistématis*; sarta (3) kudu bisa ngatur jeung nyiptakeun suasana kalayan siswa bisa sumanget jeung bisa gawe bareng dina kelompokna.
- 3) Dipiharep ayana panalungtikan modél pangajaran *Two Stay Two Stray* berbasis média KOKAMI, dina pangajaran nulis atawa pangajaran sejenna pikeun nyiptakeun suasana ngajar jeung diajar kalayan siswa bisa sumanget diajar.